



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEZYÈM FAZ EMPIRE STATE DIGITAL LA AK RITUAL AK PAYPAL POU SIPÒTE RESTORAN AK ENDISTRI SÈVIS ALIMANTÈ NEW YORK YO

Ede elaji kòmand ak livrezon sou entènèt kòm sous revni

Nouvo opòtinite komès elektwonik disponib pou restoran ak etablisman sèvis alimantè yo ki afekte pa COVID-19 la

Ritual ak PayPal angaje 1 milyon dola nan direksyon rabè sou acha pou kliyan biznis New York yo k ap patisipe nan Ritual ONE lan

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse ke yo deja lanse dezyèm faz inisyativ Empire State Digital New York la pou sipòte restoran yo ak endistri sèvis alimantè yo nan eta ki afekte pa COVID-19 la. Apati jodi a epi pwolonje jiska avril 2021, konpayi komès elektwonik (e-commerce) Ritual pral ofri platfòm kòmand dijital san komisyon Ritual ONE pou restoran ak biznis sèvis alimantè New York yo gratis, pou kòlèk ak livrezon. Anplis de sa, PayPal deja angaje 1 milyon dola nan direksyon rabè sou acha pou kliyan biznis k ap patisipe nan Ritual ONE lan nan mwa fevriye 2021, san okenn depans pou biznis yo. Sa a swiv ekstansyon Gouvènè a nan moratwa a sou ekspilsyon komèsyal yo pou sipòte restoran ak ti biznis yo.

"Eta New York se yon kapital alimantè mondyal epi chèf, sèvi ak anplwaye klas mondyal li yo te pami mendèv COVID-19 ki frape pi di pandan pandemi mondyal sa a. Li enpòtan ke pandan ke restriksyon yo an plas sou fason ba ak restoran ka opere nan mezi pou pwoteje sante piblik la, nou ouvri nouvo opòtinite tou pou kontrekare tansyon ekonomik ke yo ap fè fas", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Dènye pati sa nan inisyativ Empire State Digital New York la pral ofri etablisman sa yo yon opòtinite pou elaji biznis pa yo sou entènèt gratis, avèk yon rekonpans anplis ki pral ankouraje kliyan yo kontinye sipòte restoran, boulanjri yo ak kafe-restoran yo prefere yo. Restoran yo sipòte Nouyòkè yo, e New York pral kontinye fè sa nou kapab fè pou ede yo, men kounye a plis pase anvan, li enpòtan pou gouvènman federal la fè pati pa li tou epi bay vrè soulajman pou endistri enpòtan sa a."

Restoran ak biznis sèvis alimantè yo ki rejwenn Ritual atravè inisyativ Empire State Digital la pral kapab aksepte peman san kontak nan men kliyan yo lè yo sèvi avèk aplikasyon PayPal ak Venmo, epi yo pa pral sijè a frè tretman Ritual yo pou yon tan

limite. Nan kad inisyativ sa a, Ritual pral renonse ak frè enstalasyon, abònman mansyèl ak frè tretman kat kredi li yo. Tèm ak kondisyon aplikab. Biznis yo ka sòti nenpòt ki lè san penalite. Yo ka pèsonalize platfòm yo ka pou yo ka koresponn ak preferans mak biznis yo epi yo ka entegre pou itilize ak kòmmand sou Instagram, Facebook ak Google. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Pou ede sipòte etablisman sèvis alimantè yo davantaj, PayPal ak Ritual deja angaje yo pou investi 1 milyon dola pou ankouraje kliyan yo sipòte restoran ak magazen manje lokal yo prefere yo. Apati mwa fevriye, biznis ki enskri nan Ritual One yo ka ofri kliyan yo yon rabè sou acha ki elijib yo jiska twa lye magazen diferan pandan peryòd pwomosyon an, ki pral ranbouse pa PayPal ak Ritual jiska 1 milyon dola total.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonme pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Pou ede biznis New York yo ki ap goumen pou konbat kont efè negatif ke pandemi COVID-19 la koze, Eta ap kontinye chèche nouvo fason kreyatif pou sipòte biznis sa yo pandan l ap asire sante ak sekirite piblik. Dezyèm faz Empire State Digital la espesyalman vize endistri sèvis alimantè nou an lè li ofri yon sèvis gratis pou asire yon tranzaksyon san danje, san kontak kòm yon mwayen pou ede soulaje depans biznis sa yo".

Ko-Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral Ritual la, Ray Reddy te deklare, "Kòm biznis New York yo adapte yo ak bezwen kliyan yo k ap evolye, li enpòtan pou yo gen yon platfòm dijital san komisyon pou kenbe tout moun an sekirite pandan y ap grandi biznis yo yon fason ki pwofitab. Pwodwi rityèl yo pèmèt tout restoran, boulanjri, ak kafe-restoran lokal nou prefere yo gen yon teknoloji k ap mennen nan endistri a pou ofri kòmmand san kontak pou kòlèk ak livrezon. Nou kwè biznis lokal yo fè kominote nou yo boujonnen e nou fyè pou nou fè patenarya avèk Gouvènè Cuomo ak PayPal pou sipòte New York".

Direktè Egzekitif Jeneral PayPal la, Dan Schulman, te deklare, "New York te deja nan liy devan pandemi COVID-19 la epi li deja montre rezolisyon ak rezilyans enkwayab fas ak defi san parèy sa a. Ti biznis yo te afekte pwofondman pandan tout kriz sa a - epi li esansyèl pou kominote biznis la travay avèk sektè piblik la pou fè sa ki nesèsè pou ede moun ki pi bezwen li yo. PayPal fyè pou li rejwenn Eta New York ak Ritual nan efò sa a pou sipòte ti biznis lokal yo".

Gouvènè Cuomo [te lanse](#) Empire State Digital nan mwa oktòb la kòm yon pwogram inik nan nasyon an ak fasilite komès elektwonik k ap mennen nan mond lan k ap ofri ti biznis eta yo solisyon espesyalize pou devlope prezans yo sou entènèt. Ti biznis yo reprezante 98 pousan nan tout biznis yo toupatou nan Eta New York, epi bati yon prezans dijital pèmèt antreprenè yo ak pwopriyete ti biznis yo rive jwenn kliyan ki deja egziste yo ak nouvo mache yo. Li ofri tou kontinwite nan biznis nan yon moman kote distans sosyal se yon priyorite sante piblik esansyèl.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)